



Pou Piblikasyon Imedya: 08/12/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ENVITE MOUN NEW YORK YO AK VIZITÈ YO NAN PAK ETA YO POU SELEBRE VAKANS YO

Yo Planifye Plis Pase 40 Aktivite nan Tèm Vakans yo Atravè Eta a

Gouvènè Andrew M. Cuomo te envite jodi a abitan ak vizitè yo pou vin selebre sezon an nan plis pase 40 aktivite nan tèm vakans yo ki ap òganize nan Pak Eta New York yo. Aktivite yo gen ladan yo yon seri aktivite pratik, rekreyasyon ekstèn ak selebrasyon vakans yo pou vizitè tout laj.

“Pak Eta yo ak espas istorik yo ap bay opòtinite ilimite pou rekreyasyon ekstèn yo ak amizman ki apwopriye pou fanmi yo pandan tout ane a”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Aktivite nan tèm vakans yo ki ap reyalize ane sa yo se jis yon rezon an plis pouki alafwa moun New York ansanm ak vizitè yo ankouraje eksplòre bote natirèl ak aktivite ivènal yo ke Pak Eta New York yo gen pou ofri.”

Vizite parks.ny.gov/events pou jwenn yon lis konplè ki gen tout aktivite vakans ki gen pou vini yo. Seleksyone rejyon an epi klike sou “Find an Event” pou kapab wè tout aktivite ki ap òganize tou pre ou yo. Aktivite yo kapab egzije enskripsyon alavans ak/oswa montan frè admisyon yo.

Kèk aktivite nan tèm vakans yo gen ladan yo ekleraj pye bwa nan Planting Fields Arboretum ki nan Long Island, vizit ak bouji Old Fort Niagara ki bay sou Lake Ontario ki nan Rejyon Lwès New York, ak vizit kay istorik ki dekore yo nan Clermont ak Staatsburg ki nan Mid-Hudson Valley.

Pral genyen tou dekorasyon bonbon vakans nan Pak Eta Green Lakes ki nan New York Santral, fabrikasyon kouwòn nan Pak Eta Clay Pit Ponds ki nan Vil New York, atizana nati vakans yo nan Pak Eta Grafton Lakes ki nan Rejyon Kapital, ak yon konpetisyon kay pen epis yo nan Espas Istorik Eta Philipse Manor Hall ki nan Lower Mid-Hudson Valley. Yon Mach Premye Jou pral òganize nan Pak Eta Seneca Lake ki nan Finger Lakes, epi Pwomnad nan Bwa yo ap òganize pandan sezon ivènal la nan Pak Eta Robert Moses ki nan Thousand Islands.

“Vakans yo se moman pafè pou fanmi ak zanmi yo kapab kòmanse yon nouvell tradisyon nan vizite yon pak eta oswa espas istorik, epi patisipe nan yonn nan pakèt aktivite nan tèm vakans nou yo”, **Rose Harvey, ki se Komisè Biwo Pak, Rekreyasyon**

ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation), te deklare. “Aktivite nan tèm vakans yo atravè eta a gen yon bagay pou chak moun pwofite.”

Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik la nan Eta New York sipèvize plis pase 250 pak, sit istorik, santye rekreyatif, teren gòlf, ranp lansman bato ak plis bagay toujou, ki resevwa vizit 69 milyon moun chak ane. Yon etid resan te dekouvri ke Pak Eta New York yo jenere 5 milya dola nan depans vizitè ak pak yo, ki ap sipòte prèske 54,000 pòs travay. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn rekreyatif sa yo, rele 518-474-0456 oswa ale sou www.parks.ny.gov, konekte avèk nou sou [Facebook](#), oswa swiv nou sou [Instagram](#) ak [Twitter](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418